



Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARYA 10 MILYON DOLA POU EDE
PWOFESYONÈL SIPÒ DIRÈK YO**

***Akò twa ane avèk Alyans Nasyonal pou Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo pou elaji
opòtinite yo; pwofesjonalize mendèv la***

***Patenarya pou ede rezoud pwoblèm mank travayè aktyèl yo nan domèn andikap
devlopmanal***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta New York la te antre nan yon patenarya 10 milyon dola avèk Alyans Nasyonal pou Pwofesyonèl Sipò Dirèk (National Alliance for Direct Support Professionals, NADSP) la pou elaji opòtinite kalifikasyon pwofesyonèl pou pwofesyonèl nan domèn andikap devlopmanal la atravè Eta New York. Akò twa ane a pral ede pwofesjonalize mendèv pwofesyonèl sipò dirèk la ak rezoud pwoblèm mank travayè a.

"Mank mendèv la ap mete yon gwo presyon sou pwofesyonèl sèvis dirèk devwe nou yo, epi kòm repons, New York ap pran mezi pou ofri opòtinite avansman ak kwasans karyè nan domèn enpòtan sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya 10 milyon dola sa a pou elaji kalifikasyon an pral pwouve li enpòtan nan bay sipò pou fòmasyon, edikasyon ak elaji efò rekritman ak retansyon yo - yon pa enpòtan nan satisfè bezwen Nouyòkè yo ki gen andikap devlopmanal".

Patenarya OPWDD avèk [Alyans Nasyonal](#) la pral bay aksè nan twa nivo kalifikasyon pwofesyonèl sipò dirèk ak sètifikasyon sipèvizè premye liy li atravè Akademi Badj Elektwonik (E-Badge Academy). Se fon federal OPWDD ap resevwa atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken 2021 an ki sipòte pwojè a.

Kalifikasyon Alyans Nasyonal la baze sou konpetans epi enspire sou Konpetans Debaz Mendèv Sèvis Dirèk Sant pou Sèvis Medicaid ak Medicare yo ak Kòd Etik Alyans Nasyonal la.

Fonde an 1996, misyon Alyans Nasyonal pou Pwofesyonèl Sipò Dirèk la se pou amelyore kalite sipò yo bay moun ki gen andikap yo atravè pwovizyon pwodui, sèvis ak sètifikasyon ki leve estati travayè sipò dirèk yo. Òganizasyon an ankouraje anpil

rekonesans ak idantite pwofesyonèl sipò dirèk pou ankouraje investisman règleman piblik ki fè sans, pandan y ap fè avanse tou konesans, konpetans ak valè okipasyon sa a.

Nan semèn k ap vini yo, Alyans Nasyonal la pral pibliye yon demann pou pwopozisyon pou òganizasyon founisè sèvis adomisil ak nan kominote a ki elijib pou patisipe nan sibvansyon ak reklame plas nan Akademi Badj Elektwonik pou anplwaye yo. Alyans Nasyonal la pral bay kalifikasyon oswa sètifikasyon pou anviwon 2,442 pwofesyonèl sèvis dirèk ak sipèvizè premye liy yo pandan kontra a ki dire twa ane a.

Pwojè a pral bay bonis pou pwofesyonèl sèvis dirèk k ap patisipe yo. Anplis de sa, pwojè a pral ranbouse anplwaye yo pou lè fòmasyon anplwaye yo pran.

Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral la, Kerri Neifeld, te deklare, "Elaji aksè nan kalifikasyon endistri a rekonèt sa a pral amelyore konpetans ak kapasite mendèv nou an epi finalman ogmante pousantaj retansyon yo. Li pral bay anplwaye premye liy devwe nou yo ki te travay san pran souf pou satisfè bezwen Nouyòkè ki gen andikap devlopmantral yo anba gwo presyon avansman pwofesyonèl ak opòtinite karyè yo byen merite. Epi, sa ki pi enpòtan, li pral ede asire ke plizyè milye Nouyòkè, sila yo ki bezwen pwofesyonèl sèvis dirèk atansyone ak ekspè pou parèt chak jou pare pou satisfè bezwen yo pral resevwa sèvis yo bezwen pou pouswiv meyè nivo pèsònèl yo epi pou yo viv lavi ki pi satisfèzan yo".

Reprezantant Kathleen Rice te deklare, "Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo bay pasyan kritik yo swen epi pèmèt Nouyòkè ki pi vilnerab yo viv yon lavi endepandan, ki gen sans, men yo raman resevwa salè, benefis oswa fòmasyon ki koresponn ak enpòtans travay yo. Nan Kongrè a, mwen dirije Lwa sou Rekonesans Wòl Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo pou ede gouvènman federal la konprann ak adrese bezwen mendèv sa a, epi mwen rekonesan pou aksyon Gouvènè Hochul fè pou elaji opòtinite karyè pou DSP yo epi redui mank travayè swen adomisil nan New York".

Senatè Eta John W. Mannion te deklare, "Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo bezwen sipò nou paske kriz mendèv la ap gen yon gwo enpak sou kapasite pou yo bay sèvis ak swen ki nesèsè yo. Ogmante fòmasyon ak kalifikasyon pral pèmèt DSP yo kapab avanse yon fason pwofesyonèl pandan y ap ede yo rekrute ak kenbe Nouyòkè ki gen plis konpasyon nan ekonomi swen an. Sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou bay kèk soulajman pou DSP ki akable nou yo epi ki chaje yon fason enjis. Gouvènè Hochul te yon patnè nan abòde kriz mendèv la epi mwen pa ka tann pou nou travay ansanm pou pote solisyon adisyonèl pou pwoblèm sa a ki la depi lontan".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Alyans Nasyonal pou Pwofesyonèl Sipò Dirèk, Joseph MacBeth, te deklare. "Nou fyè dèske n ap travay avèk OPWDD ak kominote founisè New York la pou demontre valè kalifikasyon pwofesyonèl sipò dirèk lè nou bay aksè nan Akademi Badj Elektwonik la pou prèske 2500 pwofesyonèl sèvis dirèk ak sipèvizè premye liy yo. Kriz mendèv la se yon pwoblèm ki dire lontan epi ki konplèks ki mande entèvansyon nan anpil domèn. Rekonèt demonstrasyon konpetans

yo ak bay ankourajman finansye pou pwofesyonèl sipò dirèk ki gen gwo pèfòmans ak sipèvizè premye liy yo se yon premye etap enpòtan pou yo rekonèt kòm yon pwofesyon".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Alyans pou Enklizyon ak Inovasyon New York la, Michael Seereiter, te deklare, "Alyans pou Enklizyon ak Inovasyon New York (NY Alliance for Inclusion and Innovation) la bat bravo pou Alyans Nasyonal pou Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo nan travay ansanm ak OPWDD pou administre yon pwogram kalifikasyon solid pou pwofesyonèl sipò dirèk yo ki pral pèmèt pwofesyonèl sèvis dirèk yo avanse nan konesans, valè, ak konpetans yo lè yo jwenn sètifikasyon. Li ofri yon chemen ki mennen nan yon echèl karyè ak èd pou rezoud mank mendèv DSP anplis pou sipòte DSP kontinye bay sipò ak sèvis bon kalite pou moun ki gen andikap entelektyèl ak devlopmanal".

Inisyativ sa a fè pati yon pi gwo efò pou ranfòse, amelyore ak transfòme aspè kle nan sistèm sèvis OPWDD a nan itilize fon sekou COVID-19 ke CMS federal akòde. Lajan sa yo vize aktivite espesifik atravè yon pakèt pwogram OPWDD epi yo bay yon opòtinite alè pou adrese defi enpòtan yo.

Nou kapab jwenn plan OPWDD yo pou tout fon ARPA li yo nan:
<https://opwdd.ny.gov/american-rescue-plan-act-arpa>.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418